

Woshobora gute gucungera inyiyumvo zica intege?

1 NUMENYE IZO ARI ZO

Muri izi nyiyumvo ni iyihe ikugora gucungera?



 ISHAVU

 ISHARI

 INZIKA

 AMAGANYA

 UBWOBA

 UMWITWARARIKO

 GUCIKA INTEGE

 KWIHEBURA

 UMUBABARO

 IYINDI

2 NUMENYE ICO ZIVAKO

Ni ryari ukunda kwiyumva gutyo?

“Kugira ncungere inyiyumvo zanje, ndagerageza kuzirikana mu buryo bugera kure. Ndibaza ibibazo nk’ibi: ‘Niyumva gute muri uno mwanya? Kubera iki niyumva gutya? Ubwo sinaregeje urugero? Noba ndiko ndabigira birebire? Vyoba vy’ukuri ari ibintu bikomeye? Nari kuvyakira gute iyaba ari uwundi muntu yavyifashemwo nk’uku kwanje? Yehova ashaka ko ndavyifatamwo gute?’ Kuzirikana ibintu muri ubwo buryo biramfasha kwirinda ivyiyumviro bitari vyo.”—Olivia.

3 NIWIKOSORE


Tanga akarorero k’igihe wigeze kwumva urengewe n’iyo nyiyumvo.

Ni ibiki wari gukora kugira ntiwiyumve gutyo?

4

NUHITEMWO ICANDITSE COGUFASHA

Ni icanditswe (canke ivyanditswe) ikihe muri ivyo cogufasha gucungera inyiyumvo zawe ku bijanye:



**N'ISHAVU,
ISHARI N'INZIKA**

- Imigani 14:29** “Uwuteba gushavura aba ari n’ugutahura kugwiriye, mugabo uwutiha ngana aba ariko ashira hejuru ubupfu.”
- Imigani 29:11** “Ikijuju kirekura umutima waco wose, mugabo umuntu w’inkerebutsi atuma uguma utekanye gushika kw’iherezo.”
- Imigani 29:22** “Umuntu akaza ishavu avyura amahane, kandi uwo wese akunda gushangashirwa agira ibigabitanyo vyinshi.”
- Abanyefeso 4:31, 32** “Umururazi ubabaza wose, n’ishavu, n’uburake, n’ugukankama, n’ugutukana, bikurwe muri mwebwe, hamwe n’ububi bwose. Mugabo mu be abanyabantu kuri bagenzi banyu, mugire impuhwe z’ikibabarwe, mubabariranira ata gahigihigi nk’uko Imana na yo yabababariye ata gahigihigi biciye kuri Kristu.”
- Yakobo 1:19, 20** “Umuntu wese atebuke kwumva, atebe kuvuga, atebe kuraka; kuko uburake bw’umuntu budashitsa ubugororotsi bw’Imana.”



**N'AMAGANYA, UBWOBA
N'UMWITWARARIKO**

- Yesaya 41:10** “Ntiweraguze, kuko ndi Imana yawe. Nzogukomeza. Nzogufasha vy’ukuri. Emwe, nzogufata nku-gumye n’ukuryo kwanje kw’ubugororotsi.”
- Matayo 6:34** “Ntimukigere mwiganyira ku vy’ejo, kuko umusi w’ejo uzoba ufise amaganya yawo. Ububi bw’umusi umwumwe wose buramaze.”
- Abafilipi 4:6, 7** “Ntimwiganyire ku kintu na kimwe, ahubwo muri vyose, mu gusenga no mu gutakamba hariko n’ugukenguruka, ivyo musaba bimenyeshwe Imana; maze amahoro y’Imana arengeye ukwiyumvira kwose azorinda imitima yanyu n’ububasha bwanyu bwo kwiyumvira biciye kuri Kristu Yezu.”
- 1 Petero 5:7** “Muterere amaganya yanyu yose kuri yo, kuko ibababara.”



**NO GUCIKA INTEGE,
KWIHEBURA N'UMUBABARO**

- Zaburi 34:18** “Yehova ari hafi y’ab’umutima umenetse; kandi abajanjaguritse mu mutima arabakiza.”
- Zaburi 46:1** “Imana ni ubuhungiro n’inkomezi vyacu, ikaba n’imfashanyo yoroshe kuronka mu gihe c’amarushwa.”
- Ivyahishuwe 21:4** “[Imana] izohanagura amosozi yose ku maso yabo, kandi urupfu ntiruzoba rukiriho, eka n’ikigandaro canke amaborogo canke ububabare ntibizoba bikiriho. Iya kera vyagiye.”




KU BIJANYE:

(Nuvuge inyiyumvo yoba itari muri izo zavuzwe.)

Ni icanditswe (canke ivyanditswe) ikihe cogufasha gucungera iyo nyiyumvo?

5 NIWISHINGIRE UMUGAMBI

Nucape mu maso hagaragaza iyo nyiyumvo ikugora gucungera. Nuce ucapa mu maso hagaragaza inyiyumvo wari gushima kugira.



Ubu na ho, nuvuge ibintu wokora kugira ushike kuri uwo mugambi.

Ninasubira kwiyumva
gutya:



Aho kugira gutya:



Nzoca ngira gutya:

